



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 11 novanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SOMÈ FANMI ANSYEN KONBATAN AK MILITÈ

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon Somè Fanmi Veteran ak Militè, ki pral fèt nan mwa desanm nan Albany, pou kontinye travay eta a pou sipòte kominote ansyen konbatan ak militè yo.

“Eta New York ofri yon pakèt sipò pou ede ansyen konbatan ak fanmi yo, tankou kredi enpo pou travay, asistans pou rantr sou mache travay la, ak lòt sèvis, men nou kapab epi nou dwe fè plis,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nan okazyon Veterans Day sa, n ap salye sakrifis yo ak renouvèlman angajman nou pou fè New York tounen yon kote kap fè tout sa l konnen pou akeyi ak sipòte sòlda nou yo. Somè sa se pral yon bèl okazyon pou Eta a jwenn lòt mwayen pou sèvi sila yo ki te riske lavi yo pou sèvi nasyon nou an.”

W ap gen plis detay sou Somè a nan yon ti tan ki pa twò lwen, san bliye detay sou kijan ansyen konbatan ak fanmi yo ka patisipe.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418